



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METRO-NORTH PRAL OPERE PREMYE  
LOKOMOTIV A BATRI AK ELEKTRIK NAN PEYI A POU AKSÈ NAN PENN  
STATION**

*Konekte kominote yo nan Bronx ak nan anba lavil Manhattan atravè sèvis  
fewovye pi rapid ak pi ekolojik*

*Lokomotiv a batri ak elektrik ki pwòp ak bon pou anviwònman an pral premye k  
ap opere tren pasaje nan Amerik di Nò*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a detay yon gwo ekspansyon flòt vagon Metro-North Railroad, ki revele plan pou ajoute nouvo tren ki pral bay sèvis New Haven Line nan Penn Station ak kat estasyon adisyonèl nan Bronx.

"Sistèm transpò Nouyòk la etabli estanda pou transpò pwòp ak fyab nan Amerik di Nò, epi n ap agrandi ak modènize sistèm transpò piblik nou an pou pi byen konekte chak kominote atravè eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pran angajman pou m fè avanse mwayen transpò ki pwòp ak bon pou anviwònman an - se konsa n ap konbat kriz klimatik la pandan n ap bay pasaje yo sèvis pi rapid ak pi efikas."

Pou premye fwa pou Amerik di Nò, tren pasaje yo pral mache ak lokomotiv a batri ak elektrik ki ofri sèvis pwòp, ekolojik zewo emisyon. Lokomotiv yo pral jeneralman tire enèji elektrik yo apati fil anlè yo ke yo rele katenè, epi chanje pou pase nan mòd batri pou santye nan ak alantou Penn Station kote pisans traksyon elektrik yo gen diferan karakteristik. Lokomotiv Siemens Mobility Charger yo te baze sou platfòm lokomotiv prensipal la an Ewòp, Vectron, ak lokomotiv a batri ak elektrik Siemens Charger se pwochen jenerasyon lokomotiv pou Amerik di Nò.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Transpò se antidòt chanjman klimatik yo, epi lokomotiv sa yo — premye nan Amerik di Nò — demontre, ankò, angajman MTA pou itilize inovasyon pou rann rejyon an ekolojik."

**Prezidan MTA Metro-North Railroad, Catherine Rinaldi, te deklare,** "Nan kèk ane, sèvis Penn Access Metro-North la pral revolisyone fason kliyan New Haven Line vwayaje atravè rejyon an, sa k ap kreye yon lyen ant kominote nan Bronx ak opòtinite travay nan West Midtown ak sou New Haven Line nan Konte Westchester ak

Connecticut. Ki pi bon fason pou inogire nouvo sèvis sa a pase avèk dènve lokomotiv a batri ak elektrik yo ki pral etabli yon nouvo estanda pou respè anviwònman an ak fyabilite an jeneral?"

**Responsab Pwogram Materyèl Woulan (Rolling Stock Program) MTA, Tim Mulligan, te deklare,** "Nouvo lokomotiv sa yo, ki mache ak elektrisite sèlman men ki kapab opere sou liy ki pa elektrifye atravè batri, pral pran yon teknoloji ki komen an Ewòp epi sèvi ak li pou revolisyone tren nan Amerik di Nò. Lokomotiv a batri ak elektrik yo pral pèmèt Metro-North bay sèvis fyab, trè bon pou anviwònman an lè l sèvi avèk enfrastrikti elektrifye ki egziste deja."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Siemens Mobility North America, Marc Buncher, te deklare,** "Nan non plis pase 4,500 manm ekip Siemens Mobility nan peyi Etazini, nou kontan anpil pou nou pote lokomotiv a batri ak elektrik nan rejyon Metwopoliten Nouyòk la. Lokomotiv Ameriken sa yo pral ede re-envante wwayaj tren, ofri wwayaj ki pi fyab ak dirab pou plizyè milyon wwayajè chak ane."

Si Komisyon Konsèy MTA a apwouve l — jan yo prevwa sa mèkredi — yo pral achte 13 lokomotiv ki mache ak batri epi ki elektrik nan egzèsè yon opsyon sou yon kontra ki deja egziste ak Siemens Mobility North America, ki deja konstwi 33 lokomotiv de mòd pou Metro-North ki fonksyone ak dyezèl oswa sou yon twazyèm ray.

Nouvo lokomotiv yo dwe sanble nan aparans ak lokomotiv dyezèl/elektrik 4,200 cheval sa yo, ke yo rekonèt nan nimewo modèl SC42-DM, ke [Metro-North te devwale an novanm 2024](#). Lokomotiv yo pral rale oswa pouse machin vagon yo, selon direksyon wwayaj la, yon konfigirasyon ki sanble ak tren dyezèl Metro-North yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)